

Egzanpsyon, Renonsyasyon ak Degajman Responsablite

COVID-19 ak Aktivite Volontè Andeyò Pwogram Lekòl la ak yon Jesyonè Endepandan

Ete 202_ ak Ane Eskolè 202_ - 202_

Aktivite Volontè Andeyò Pwogram Lekòl la: _____

Non Paran/Gadyen: _____

Non Patisipan an/(yo): _____

Mwen vle patisipe oubyen otorize pitit mwen an (yo) ("Patisipan Aktivite yo") pou patisipe nan youn oubyen plizyè aktivite volontè ki pa nan kourikoulòm pwogram lekòl la e ki ap fèt nan etablisman Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid ("Komisyon Konsèy Lekòl"). Mwen aksepte yo deklare nouvo koronavirus, yo rele tou COVID-19 la, kòm yon pandemi mondyal yo kwè li kontajye epi pwopaje nan kontak moun-a-moun, tankou nan Miami-Dade County. Mwen rekonèt tou distans sosyal ak lòt mezi ede pou anpeche pwopagasyon COVID-19.

Komisyon Konsèy Lekòl la ap gen òganizasyon endepandan ("Òganizasyon") ki pral fè sèten aktivite ki pa nan kourikoulòm pwogram lekòl la, tankou kan ete, nan etablisman lekòl li a/(yo). Mwen konprann si mwen menm oubyen pitit mwen an/(yo) chwazi patisipe nan aktivite òganizasyon sa yo (n ap rele "Aktivite"), aktivite yo ap kontwole, òganize, sou kontra, resevwa anplwaye ak asirans endepandanman de Komisyon Konsèy Lekòl la, epi yo pral fèt avèk pwotokòl sekirite òganizasyon sa yo jije ki apwopriye nan sikonstans aktyèl yo, ki kapab chanje. Mwen konprann Komisyon Konsèy Lekòl la pa responsab pou aplikasyon, sipèvizyon oubyen enfòmè Patisipan Aktif yo sou pwotokòl sekirite Òganizasyon sa a, e se responsablite mwen ak patisipan nan aktivite a, pou respekte nenpòt pwotokòl sekirite eta, federal ak lokal, ak sa Òganizasyon an bay.

Nan yon efò pou asire sekirite ak byennèt kominote lekòl nou an, mwen konprann enpòtans pou Patisipan nan Aktivite yo, ki gen ladan pitit mwen an/(yo), an sante e an sekirite lè yo ap patisipe nan Aktivite a epi si pitit mwen an te ekspozè a COVID-19, li enpòtan pou obsève/verifye si pitit mwen gen sentòm lè mwen:

- Pran tanperati pitit mwen chak jou pou tcheke pou lafyèv anvan yo kòmanse aktivite a. Lafyèv defini kòm yon tanperati ki depase 100.4 F oubyen 38.0 C. Si pitit mwen an/(yo) gen yon lafyèv, mwen pap pèmèt pitit mwen an/(yo) patisipe nan aktivite a jiskaske li pa gen lafyèv pou omwen 24 èdtan san li pa itilize medikaman.
- Enspekte pitit mwen ak zye mwen pou siy maladi ki ka gen ladan men pa sèlman: lafyèv oubyen frison, tous, souf kout oubyen difikilte pou respire, fatig, doule nan misk oubyen kò, maltèt, pèt nan gou oubyen odè, gòj fè mal, nen bouche oubyen nen koule, kè plen oubyen vomisman, dyare, machwè wouj, respirasyon rapid oubyen difikilte pou respire (san aktivite fizik resan), fatig, oubyen ajitasyon ekstrèm. Si pitit mwen an montre nenpòt nan siy oubyen sentòm sa yo, mwen pap pèmèt pitit mwen an patisipe nan Aktivite a jiskaske aprè li te izole pou yon minimòm 5 jou epi li pa gen lafyèv pou pase 24 èdtan san li pa itilize medikaman depi li te kòmanse devlope sentòm yo.

- Konfime pitit mwen an/(yo), anvan ak pandan patisipasyon yo nan Aktivite a, pa teste pozitif pou COVID-19 nan 5 dènye jou yo.
- Konfime pitit mwen, anvan ak pandan patisipasyon yo nan Aktivite a, pa t devlope sentòm yo dekri anwo yo aprè li te an kontak ak moun ki te teste pozitif pou COVID-19 pandan 5 jou ki sot pase yo oswa ap tann rezilta tèst ki baze sou dyagnostik oubyen ka yo sispèk nan COVID-19. Si pitit mwen an/(yo) devlope sentòm ki dekri anwo aprè li an kontak ak yon moun konsa, menm moun ki nan menm kay la, mwen pap pèmèt pitit mwen an patisipe nan Aktivite a jiskaske aprè li te izole pou yon minimòm 5 jou epi li pa gen lafyèv pou pase 24 èdtan san li pa itilize medikaman depi li te devlope sentòm.
- Vin chèche pitit mwen san pèdi tan oubyen fè aranjman pou vin chèche si siy oubyen sentòm maladi yo prezan. Mwen konprann timoun yo dwe rete lakay yo jiskaske yo pa gen maladi a pou omwen 5 jou epi li pa gen lafyèv san yo pa itilize medikaman.

Lè mwen siyen dokiman sa a, mwen aksepte e afime tout deklarasyon ki anwo yo. Mwen konprann mwen menm oubyen pitit mwen ka ekspozè oubyen enfekte ak COVID-19 kòm rezilta patisipasyon nan Aktivite a, e ekspozisyon sa a oubyen enfeksyon ka lakòz aksidan pèsònèl, maladi, ak/oubyen lanmò. Mwen konprann risk pou ekspozè oubyen enfeksyon an kapab rezilta aksyon, erè oubyen neglijan nan tèt mwen, pitit mwen/(yo), Òganizasyon sa yo, anplwaye Konsèy Lekòl la, volontè oubyen ajan, lòt patisipan nan Aktivite a oubyen lòt moun ki pa nan lis la, e mwen admèt mwen konnen tout risk sa yo.

An konsiderasyon pou mwen ak/oswa pitit mwen patisipe nan Aktivite a, mwen menm, nan non pèsònèlman mwen ak pitit mwen, ak nenpòt moun ki otorize aji sou non mwen, mwen renonse yon fason konsyan e volontè pou tout tan, e mwen dechaje Komisyon Konsèy Lekòl la ak anplwaye ak ajan li yo de tout responsablite, tout reklamasyon, pwosè, responsablite, aksyon, jijman, frè avoka, depans ak nenpòt kalite depans akòz aksidan oswa domaj, ki baze sou fot oswa lòt bagay ki rive mwen ak/oswa pitit mwen, oswa reprezantan mwen an/(yo), pandan oswa an koneksyon avèk patisipasyon oswa enplikasyon pitit mwen nan Aktivite a.

Si yo ta detèmine egzanpsyon, renonsyasyon ak degajman responsablite sa a oswa nenpòt pati ladan l envalid oswa inaplikab pou kèlkeswa rezon, dispozisyon ki rete yo nan egzanpsyon sa a, ak nenpòt lòt akò ki gen rapò ak patisipasyon pitit mwen nan Aktivite sa a, pa dwe afekte e l ap rete aplikab nan tout fòs li.

Siyati Paran/Gadyen

Siyati Patisipan nan Aktivite a

Ekri an lèt detache non Paran/Gadyen an

Ekri an lèt detache non Patisipan nan Aktivite a

Dat siyati

Dat siyati